Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэмкIэ дынывохъуэхъу!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБ-М И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№№84-85 (21.243) ● 2008 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 30, бэрэжьей ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● ЗэлуцIэхэр

Жылагъуэхэм заужьын папщIэ

Дыгъуасэ Правительствэм и Унэм КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм я зи чэзу зэлуцIэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Федченко Людмилэ, Президентым и Администрацэм и Унафэщ Къэжэр Альберт, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Чеченов Ануар, КъБР-м и Конституцэ Судым и унафэщI Геляков Абдулахь, депутатхэр, министрхэр, ведомствэ щхьэхуэхэм я унафэщIхэр.

ЗэлуцIэр къызэгуихащ икIи ар зэрекIуэкIыну щыкIэм къызэхуэсахэр щитъэгъуэщащ КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Пэнагуэ Максим**. АдэкIэ ар зэпкърыхауэ къыытеувыащ зи унафэщI зэгухьэныгъэр 2007 гъэм зэрылэжьаи, а илъэсым зэфIагъэкIаXэмрэ зыхуэныкъуэ къэнэхэмрэ.

- ЕлэкIа илъэсым КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я зэгухьэныгъэм щIыпIэ самоуправленэхэм я финанс-экономикэ гъабхьэр, абы и ухуэкIэр, я хуитныгъэхэмрэ я сабэм зыкъыхэлъхьэмрэ егъэфIэкIуэныжмкIэ лэжьыгъэшхуэхэр зэфIигъэкIащ, - жиIащ Пэнагуэм. - Мы зэманым я зэгухьэныгъэм хэтщ муниципальнэ щIыналъэу 132-рэ Республикэм тIуу зэщхьэщыкуэу къызэрэпэщащ щIыпIэ самоуправленэхэр щопажь. Дэтхэнэ зэ къалэнхэр зэхэкIауэ икIи нэсу гъэзэщIа зэрыхьуныим иужь итщ. А илъэсым кърибыдзэу КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я советым и правленэм зэлуцIэу 4 иригъэжькIащ, абыхэм IуэхугъуэкIэ 16-м щIигъу къышщIэтащ. Апхуэдэ зэлуцIэхэр щекIуэкIащ Тэрч, Шэрдж, Прохладнэ, Дзэлыкъуэ районхэм. Къабащтэмэ, муниципальнэ щIыналъэ псоми блокIа илъэсыкIи къызэрэкIар къыщащIащ. Ар къыхигъэщащ Иванов Сергей.

Япэ вице-премьерым къызэригъэзэжауэ, ПБО-м и комлексыщIэхэр гъэхъэзырыныр къыщIэгъэкIынымрэ я Iуэхум щыщIэныгъэ куэд хэлъ. Ахэр елъэIащ ахъшэр тэмэму зэрыхуамыутыпщым, Iэнатlэхэм я пъщащагъэр зэрымащIэм, пкъыгъуэхэм фIагъ лъагъэ зэрамыIэм. «Илъэси 3 гъунэгъум зэфIагъэкIын хуеиуэ ятэ заказыр гъэзэщIа хъуркъым, - пIалъэр къызэпауд», - щызжиIащ Иванов Сергей комиссэм и зэлуцIэм.

Къаугъэ къалтыхъуэ

Куржым и дзэ гупхэр зэпэщIэтыныгъэхэр зэдзыщIэ щIыпIэхэм зэрыщагъэбыдэм къыхэкIыу, Урысейм щыкIэлъыплъ посту иджыри 15 Абхъазымрэ Осетие Инщэмрэ щиIэуващ.

А хъыбарыр къыбгъэдэкIащ УФ-м ЗыхъуэжьныгъэмкIэ и министерствэм.

Урысейм и МИД-м дыгъуасэ хэлуцIыну ящIащ Куржым зэриIэпщIа видеосурэтыр щIы зэфэхэщу зэрыщIытыр. Фигу къэдгъэкIыжынщи, мэлыжьыхьым и 20-м Абхъазым щхьэщхьха тIасхэщIах къуэхьпатэр къезэлыдыхар а республикIэм и ПВО-рщ.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 30, *бэрэжьей*

◆УФ-м Мафбсым пэщIэт и къэрал Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ. 1999 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м Урысей Федерацэм и Президентым и Указкlэ ягъэуващ.

◆Илъэс 70 и пэкIэ (1938) Мэзкуу кьыщыгъэуахащ Кьрым лъэмыжьыр.

◆Илъэс 60 и пэкIэ (1948) къызэрагъэпэщащ Америкэм и къэралхэм я Организацэр (ОАГ).

◆Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 48-м, къуэлэжьынуц сыхьэт 21-рэ дакьикъи 6-м.

◆Махуэм и кIыхьагъэ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 18-рэ.

Накъыгъэм и 1, *махуэку*

◆ ГуащIэрэпсэухэм я зэакъыдэгъэныгъэм и дунеипсо махуэу щагъэуващ 1889 гъэм бадзэуэгъэм и 14 - 21-хэм Париж щекIуэкIа Етlуанэ Интернационалым и конгрессым. Иджы ди къэралым зэрыщедзэр **Гъатхэмра Лэжьыгъэмрэ я махуэущ.**

◆Илъэс 90 и пэкIэ (1918) Мэзкуу и Ходынскэ губгъуэм щекIуэкIащ Дзэ Плъыжьым и частхэм я япэ парадыр.

◆Накъыгъэм и 1 - 2-хэм Мэзкуу, накъыгъэм и 3 - 4-хэм Сочи щекIуэкIыну къафэмкIэ «Урысейм и вагъуэхэр-2008» дунеипсо фестивалыр.

◆Дыгъэр къыщIэкIыну сыхьэт 5-рэ дакьикъэ 46-м, къуэлэжьынуц сыхьэт 21-рэ дакьикъи 8-м.

◆Махуэм и кIыхьагъэ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 22-рэ.

Планэнэр зыгъэхьэзырыр ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Лъэпкъ Iуэцыгъэ:

Зи псалъэ нахуэм и напэр хужьщ.

● Къэрал гулъытэ

Къарэ Арсен ягъэлъапIэ

2008 гъэм мазаем и 28-м Федеральнэ архив кулыкIуэм и коллегием къыщта унафэм ипкъ иткIэ, «Илъэс куэд лъандзэрэ хьэлэзу зэрылажьэм къыхэкIыу икIи Урысейм и къэрал архив кулыкIуэр илъэс 90 щрикъум иригъэлIэу» Щыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ КъБР-м и Архив кулыкIуэм и унафэщI Къарэ Арсен.

● Хъыбарыф1

«Урысейм и телъыджибл» зэпеуэм

и етIуанэ Іыхьэр дыгъуасэ иухащ икIи наIуэ къэхъуащ цIыху мин 248-м Iэ зыхуаIэта (ар процент 39-рэ мэхъу) Іуащхьмахуэ суперфинальным зэрыхэхуам и мыжакъуэу, Урысей Ипщэ щIыналъэхэм кьаГъэльэгъуа «телъыджэхэм» языкъэ гъунэгъуэу абы кьызэрыльхьащэмыхьэр.

Европэ псом щIэныкъ льагэ дыдэр бгъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэр, зэгуэр дри хьэщIауэ ди «насып Іуащхьэр» зыльэгъуахэмрэ бгылъэлыжкэ спортым дихьэхэмрэ зэрыхуэпэжьым я фIыгъэкIэ кьэтхъа, псоми ди зэхуэдэ тенIуэныгъэщ ар.

АдэкIэ дэ кьыштпэщылъщ жэуапIныгъэ нэхъ иныж зыпыль Іуэхугъуэ: нэгъабэ жэпуэгъуэм и 1 лъандзрэ екIуэкI зэпеуэм тельыджж 14 фIэкIа зыхэмыхуа и ещанэ Іыхьэм - суперфиналым (мэлыжьыхьым и 30-р кьыщихьэ жэщыбгым щыщIэдзауэ мэхъуауэгъуэм и 10 пщIондэ екIуэкIынуц) щытекIуэныр. Абы папщIэ ди республикэм щыпсэуэхэр иджыри зэ жыджэру Іэятым дыхэтхьэ зэрыщIэ Зэпеуэм и хабзэкэр япэрейхэм хуэдэщ: ИнтернетымкIэ www.ruschudo.ru сайтым е жыпI телефонхэмкIэ 4565 номерым «47» бжыгъэр зэрыт СМС егъэхьын. Ауэ Іэ1эпм къыгурыIуагъуэ и бжыгъэхэм я зыхьуэжыкIэхэр япэм хуэдэу www.ruschudo.ru сайтым щыпIалъагъунукъым, иджыйрейр зэхуэщIауэ щытынуц. Іуэхур зытетым и хьыбар кьыщыпIащIэфынур «Уи пщэдджыжь фIыуэ, Урысей!» телеканалым, «Известия» газетым, «Маяк» радиом и нэтынхэм, www.vesti.ru сайтым кьыдат Іэмалхэмкlэщ.

Урысейпсо зэпеуэм щытекIуэу зэхальэтэнущ щыкIэ нэхьыбэ зи телъыдж хьуа телъыджэу 7, «Урысейм и телъыджэ» щIэ лъапIэр зыхуагъэфэщащэр наIуэ кьэхъунущ мэкъуэуэгъуэм и 12-м, Урысейм и махуэр Москва и Ут Плъыжьым зэрыщагъэльапIэр РТР каналым кьыщигъэльагъэныгъэкIэ.

ХЬЭПЭ Маринэ,

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Обозревателым и псалъэ

Мазэ дахэмрэ гугъапIэ инхэмрэ

НАКЪЫГЪЭР гъэм и нэхъ мазэ дахэ дыдэщ. Ар дунейм и щIэрэщIэгъэщ. А мазэрщ ди къэралым Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэр щагъэлъапIэр. Арщхьэкlэ мы махуэшхуэм нэгъуэщI тхыдэ иIащ. Псоми я кьыщежьар иджыпсы зыкъызых Америкэрщ. Абы Іуэхуэр апхуэдэу щытэмэму щытакъым. Хэбгъэзыхьмэ, илъэси 100 и пэкIэ мыбы щытепщэу щытащ «хьэкIэхъуэкIагъэ зыхэлъ капитализмэр». Щыхуэхэр я фэкIэ зэрыззэхагъэжьым кьыщынэмыщIауэ, гуащIэрыпсэухэри хуабжьу гугъу щрагъэхьырт абы. Ахэр пщэдджыжьым жьыуэ щIадзэу жэщ хуэху я щхьэр кьажмыIэту пэжьэн хуейт, я улахуэхэри машIэ дыдэу. Мис апхуэдэ псэукIэ хьэлъэр яхуэмышэчу, кьэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIыхуэхэм зыкъыщIэту хуежьащ. 1886 гъэм накъыгъэм и 1-м щIыхуэ фIыщIэхэр куэду щыпсэу Чикагэ и рабочэхэр уэрамхэм кьыдыхьащ и лэжьэгъуэ махуэр сыхьэти 8 ящIыну, я улахуэхэм хагъэхъуэну кьатгъуэу. Арщхьэкlэ мыпхашхуэ зиIэхэм кьадэщI властхэр абыхэмкIэ гущIэгъэнущэт: мамыр пэкIу езыгъэкIуэкI щIыхуэр полицэм зэбгрихуащ, зыкъом зэтриукIащ. Ар зэуэ дуней псом щIэпсэльащIысащ. Тхьэмыщкlагъэр зыхуэмышэчыжу зыкъызэIэтхъэм куэд я лъэныкъуэ хъуащ. Мис апхуэдэ щIыкIэкIэ къьжьащ мы зэманым гуащIэрыпсэухэм я дунеипсо зэакъылгъэныгъэм и махуэу къэрал куэдым щагъэлъапIэр.

Урысейм мы махуэр япэ дыдэу щагъэлъапIащ 1890 гъэм накъыгъэм и 1-м. ЗэрыгурыIуэгъэщи, щхьэу. Зи псэукIэр нэхъ гуГъуж урысей щIыхуэхэр кьхъуафэжьейхэм и пIыслъэрти Іуфэхэм Іукгт. Псыкум и дежь щIыпсэпсальэрт, я гукъуэуэхэр зэхуаIуатэрт, ялэжьын хуейхэр яубзыхурт. Дауи, властхэр куэдрэ хущIэкъуащ апхуэдэ зэхуэсхэм дыхьащ я лэжьэгъуэ махуэр сыхьэти 8 ящIыну, я улахуэхэм хагъэхъуэну кьатгъуэу. Арщхьэкlэ мыпхашхуэ зиIэхэм кьадэщI властхэр абыхэмкIэ гущIэгъэнущэт: мамыр пэкIу езыгъэкIуэкI щIыхуэр полицэм зэбгрихуащ, зыкъом зэтриукIащ. Ар зэуэ дуней псом щIэпсэльащIысащ. Тхьэмыщкlагъэр зыхуэмышэчыжу зыкъызэIэтхъэм куэд я лъэныкъуэ хъуащ. Мис апхуэдэ щIыкIэкIэ къьжьащ мы зэманым гуащIэрыпсэухэм я дунеипсо зэакъылгъэныгъэм и махуэу къэрал куэдым щагъэлъапIэр.

Урысейм мы махуэр япэ дыдэу щагъэлъапIащ 1890 гъэм накъыгъэм и 1-м. ЗэрыгурыIуэгъэщи, щхьэу. Зи псэукIэр нэхъ гуГъуж урысей щIыхуэхэр кьхъуафэжьейхэм и пIыслъэрти Іуфэхэм Іукгт. Псыкум и дежь щIыпсэпсальэрт, я гукъуэуэхэр зэхуаIуатэрт, ялэжьын хуейхэр яубзыхурт. Дауи, властхэр куэдрэ хущIэкъуащ апхуэдэ зэхуэсхэм Іратыну, арщхьэкlэ лэжьакIуэбэм Іэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къагупсысырт.

Япэ дыдэу накъыгъэм и 1-р Урысейм зэIуахуэ икIи хуиту щагъэлъапIащ 1918 гъэрщ. ИужькIэ накъыгъэм и 1-р СССР-м и махуэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящIщ хъуащ. Ар махуитIкIэ яГъэлъапIэрт. Москва парадышхуэ щрагъэкIуэкIырт. Абыхэм цIыху куэд дыдэ еплъырт. Апхуэдэу гуащIэрыпсэухэм я дунеипсо зэакъылгъэныгъэм и махуэм и саулыкъуэкIэ СССР абрагъуэм и къалэ, кьуажэ псоми цIыхуэхэр щызэхуэсырт, гуфIэгъэ иныр яIэту. Псоми я гугъапIэр ирахьлIэрт я псэукIэр ефIэкIуэным, кьэралыр нэхъ лъэш хъуным. Махуэшхуэ зекIуэхэр, джэгухэр кьызэрагъэпэщырт.

СССР-р лъэпъэжа, абы и ужькIэ социализм гупсысэхэр кIуэдыжа иужь, даои, накъыгъэм и 1-м хуащI гулъытэмрэ абы и купщIэмрэ нэгъуэщI хъущ. Иджы, зэрыжьыгIащи, ар Урысейм щагъэлъапIэ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я гуфIэгъуэу. Арщхьэкlэ накъыгъэм и 1-м ди кьэралым и цIыхухэр гъэгушхуэныжьыкIа мыхьэнэр иящ, икIи иджыри а махуэм ирапх я псэукIэр ефIэкIуэным теухуа гугъапIэ инхэр.

ШIАЛ Мухьэмэд.

Пщащэ цIыкIумрэ гъатхэмрэ.

Псоми я зэхуэдэ гуфIэгъуэ

Накъыгъэм и 1-м Дзэлыкъуэ куейм Щэнхабзэмрэ спортымкIэ и унэм районым и къэфакIуэ, уэрэджыкIакIуэ гупхэм концерт щатынущ.

АР ЗЭРЫЗЭФIЭКIЫУ куейм и спортсменхэр къуажэ-къуажэкIэ гуэшауэ зэпеуэнухэщ бэнэкIэ хунтымкIэ, боксымкIэ, адыгэ джэгукIэхэм ящыщ зыбжанэ хагъэхьэнущ. Дзэлыкъуэкъуажэр зэрытIысрэ ильэсищэ зэрырикъум и цIэр зезыхьэ угым адыгэ джэгуэзэпеуэ щекIуэкIынущ, текIуэхэм куей администрацым и саугъэтхэр ирату. ЩэнхабзэмкIэ парадым махуэ псом лъэпкъ маркамэхэр кьыщеуэнущ, цIыхухэм я нэгу зрагъэжьынущ. Абыхэм я пащхьэ театр теплъэгъуэхэр щигъэлъэгъэнущ куейм Щэнхабзэмрэ спортымкIэ и унэм и театр студием.

Къафэкlэ ягъэлъапIэнущ

Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэм ирихьэлIэу зэкIэлъыкIуэкIэ щекIуэкIынущ «Бгырыс-хэм я махуэ» зыфIащ гуфIэгъуэ пэкIу.

ТЫРПЫЛАУэ дэт Щэнхабзэмкlэ унэм и гупэм кьит утым щыхьэщхьэхуэкIуэу щIалэгъуалэм джэгушхуэ щащIынущ. Кьафэхэм я зэпыгуэ Іыхьэхэм куейм ис нэхъыщхьэр тепсэльыхьынущ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэм екъэIуэ республикэм и жыгагъуэхэм къьдекIуэкI хабзэхэм, районым и гуащIэдэкI тхыдэм, пэпкъ щэнхабзэм.

Накъыгъэм и 1-м районым и гуащIэдэкI тхыдэмкIэ и музейм щагъэлъагъэгъуэнущ Іуащхьэмахуэ щыIыгъэм щекIуэкIа гъэжьыгъэшхуэхэм я цIыху гуащIафIэхэмрэ ятеуэуа сурэтхэр. Абы ирагъэбгъэлъэгъэнущ гъэжьыгъэ гъуэгуанэ кIыхь къезыхьэлIа нэхъыжьхэр. Накъыгъэм и 2 - 3 махуэхэм куейм и школхэм щекIуэкIынущ дуней ин и дахэхуэу гъатхэмрэ цIыхум и гуащIэдэкIымрэ теуха концертхэр.

ЛЬОСТЭН Музэ.

Гукъыдэж яIэу

Гъэ къэси хуэдэу, тэрч-дэсхэм егугъуу зыхуагъэхьэзыращ пщэдейрей гуфIэгъуэм - Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэ дыдэпIэм.

КуейМ къызэгъэпэщыныгъэ-методикэ лэжьыгъэхэмкIэ и центрым и унафэщI Зыхьэ Маритэ щыгъуазэ дыдэрищIамкIэ, фестивальым хэтынухэм иратынущ район администрацым и щIыхь тхыльхэмрэ саугъэтхэрэ. Районпсо зэIуцIэр щекIуэкIынущ Анзорей Щэнхабзэмкlэ и унэм.

ПэкIуэр, джэгухэр

Іуащхьэмахуэ куейм Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэм ирихьэлIэу махуэ-кIэлъыкIуэкIэ щекIуэкIынущ «Бгырыс-хэм я махуэ» зыфIащ гуфIэгъуэ пэкIу.

ТЫРПЫЛАУэ дэт Щэнхабзэмкlэ унэм и гупэм кьит утым щыхьэщхьэхуэкIуэу щIалэгъуалэм джэгушхуэ щащIынущ. Кьафэхэм я зэпыгуэ Іыхьэхэм куейм ис нэхъыщхьэр тепсэльыхьынущ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэм екъэIуэ республикэм и жыгагъуэхэм къьдекIуэкI хабзэхэм, районым и гуащIэдэкI тхыдэм, пэпкъ щэнхабзэм.

Накъыгъэм и 1-м районым и гуащIэдэкI тхыдэмкIэ и музейм щагъэлъагъэгъуэнущ Іуащхьэмахуэ щыIыгъэм щекIуэкIа гъэжьыгъэшхуэхэр я цIыху гуащIафIэхэмрэ ятеуэуа сурэтхэр. Абы ирагъэбгъэлъэгъэнущ гъэжьыгъэ гъуэгуанэ кIыхь къезыхьэлIа нэхъыжьхэр. Накъыгъэм и 2 - 3 махуэхэм куейм и школхэм щекIуэкIынущ дуней ин и дахэхуэу гъатхэмрэ цIыхум и гуащIэдэкIымрэ теуха концертхэр.

ЛЬОСТЭН Музэ.

● Махуэшхуэм зыхуащI

Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэмрэ цIыхухэм

зэрызыхуагъазэр

ПщIэ зыхуэтщI ди хэкуэгъуэх!

Пщэдей дуней псом цIыху пэрыту тетым ящIыгъуу ди къэралым игъэлъапIэнущ Накъыгъэм и 1-р - Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэр.

Илъэсищым щIигъуэу накъыгъэм и пэщIадзэр мамыр-гъэмрэ лэжьакIуэ цIыхубзм я зэкъуэтыныгъэмрэ я дамыгъэу къокIуэкI.

А махуэшхуэм зэгуэхыпIэ имыIэу къызэщIеубыдэ блэкIа илъэсхэм зэтеува хабзэхэри, ди льэпкъхэм мы зэманым рбгъащэта фIыгъэхэри, дунейр дяпэкIэ къэщIэрэщIэжьынымкIэ дызыщIэгугъэхэри.

Накъыгъэм и пэм да дыIуощI Урысейм ехым хуэфащэ уваПIэ зэрригъэтыжьнур быдэу ди фIэщ хъуурэ икIи апхуэдэ мурадыр дэ идохьэлIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, зэрыщыту Урысей Федерацэм социально-экономикэ зыужьынигъэшхуэ фIэкIыпIэ имыIэу кьаухуэзэзыгъэпэщыну тхыдэ, географие, щIыналъэ, лъэпкъ, нэгуэщI тегъэщIапIэхэр кьагъэсэбэнурэ, къэралым и унафэщIхэм яубзыху политикэ гъэугум.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм зегъэужьынымкIэ лъэхъэнэщIэм ехьуIэныгъэ нэрылъагъуэр кьытхуихащ. Гугъуехь пыухыкIахэр щыIэ пэтми, республикэм зэхъуэкIыныгъэ хъарзынэхэри щокIуэкI. Инвестицэхэ кьызэщIэгъэуIуэныкIэ щыIэ Іэмалхэм заубгъу, производствэм и ІэнатlэщIэхэр зэкъыщIэщIыхьэ я бжыгъэ нэхъ мащIэ мэхъу. ЦIыхухэм ЕлъэрыпIэ хэхъуэхэр нэхъыбэ зэрыхъу псынщIагъэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм щыпашэ щIыналъэщым ящыщ хъуащ. 2007 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьынигъэм и программэр кьащтащ. Мы гъэм щыIэщIэдзауэ КъБР-м и бюджетыр илъэсищым тещIыхьауэ зэхалъхьэнущ. Ар хуэунэтIащ экономикэм и финанс зэфIэкIхэр зэтетгъэувэжьынымкIэ, ар дотацэхэм зэрельытащ зэкIэлъыкIуэу къэгъэтIэсхъэнымкIэ и Іэмал къытынущ социальнэ хэкуэнхэр нэхъ тэмэму дзгъэкIынымкIэ.

Зэкlэ иджыри уегъэпIейтей лэжьапщIэмрэ цIыхуэхэм ират ахъшэ дэпIэпыкъунигъэмрэ зэрымащIэм. Хэхъуэу къаIэрыхьэм и лъэныкъуэкIэ цIыху гуп щхьэхуэхэм я псэукIэр нэхъри зэщхьщокI. Пенсэм и лъэныкъуэкIэ ирагъэкIуэкI реформэм кьызэригъэпэщыркъым пэжьапIэм кьыIуэкIа цIыхум адэкIи хэхъуэ тэмэм иIэн зэрыкуейм тещIыхьа дунейпсо хабзэхэр гъэзэщIэныр.

А псоми я тещIыхьауэ къащIэтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ профсоюзхэмрэ кьабгъэдэхуэ кьаIэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ цIыхуэхэр лэжьапIэкIэ кьызэгъэпэщыныр, улахуэхэмрэ пенсэхэмрэ нэхъыбэ щIыныр, апхуэдэу, ахъшэ кьудейм и мызакъуэу, Іэмал Іэр егъэфIэкIуэным щIэныр.

Іуэунэтlауэ уэзыщагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, социальнэ Іуэхутхэбзэхэм, псэупIэ-коммунальнэ Іуэхутхэбзэхэм я Іэнатlэхэм зегъэужьынымкIэ, цIыхуэхэр псэупIэ тэмэмкIэ кьызэрэпэщыныр, хабзэмрэ щынагъуэнщагъэмрэ зэтегъэувэныр.

Кьаруу зэхэлъкIэ да адэкIи зэтетIыгъэн хуейщ экономикэм зэрызыужьу ужьежьа псынщIагъэр. Апхуэдэу адрей ІуэхуфIэхэм щIэдгъэбыдэну, абыхэм нэхъри зедгъэужьыну кьыштащытщ. Хозяйствэм и Іэнатlэ псоми дэ зэгъусэу дыщIелэжьын хуейщ зыужьдгъэувыжьа кьалэнхэр гъэзэщIэным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм псэукIэ тэмэм кьахъузгъэпэщыным. Мыхьэнэщхуэ зиIэ а Іуэхум республикэм иц цIыху гуп псори кьыхэтщэф нэужьым да дызыхуэцIэкъу Іуэхуэхэр фIэкIыпIэ имыIэу кьыдэхъпIэнущ.

Лъэпкъ куэд зэрыс ди республикэм нобэ щIэныгъэкIи, зэхэщIыкIкIи къаруушхуэ бгъэдэльащ икIи абы Іэмал къытынущ социально-экономикэ зыужьынигъэр нэхъри зэман благъэм къриубыдэу щIдгъэхэуфэжьынымкIэ.

Республикэм и Правительствэмрэ Профсоюзхэм я федерацэмрэ быдэу я фIэщ мэхъу накъыгъэм и пэщIадзэ махуэшхуэр цIыхубзм я зэкъуэтыныгъэм, республикэм щыпсэу цIыхухэм я зэгурыIуэныгъэм и дамыгъэ зэрыхьэнур, абы ди жылагъуэр дяпэкIэ нэхъ быдэжу зэрызэкъуигъэувэнур.

Зэкъуэтыныгъэмрэ демократиемрэ я Іуэгуэм дытету да фIэкIыпIэ имыIэу дыкуэкIуэнущ социально-лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэр гъэтэмэныным икIи граждан жылагъуэмрэ социальнэ къэралымрэ я лъабжьэхэр нэхъри дгъэбыдэн, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэр кьызэрэтщыгугъэщи дгъэпэжьын тхузэфIэкIынущ.

Фэрэи фи унагъуэхэми зэгурыIуэныгъэ, насып, ефIэкIуэныгъэ фи!эну дынывохъуэхъу!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI
ЯРИН Андрей

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм и Тхьэмадэ
ТАУПщыкъан

● Гу зылъытапхъэ

2008 гъэм накъыгъэм и 1-м республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм ГуащIэрыпсэухэм я дунеипсо зэкъуэтыныгъэм и махуэм и цIыхькIэ пкIу кьызэрегъэпэщ.

Демонстрацэм хэтыныхэр пIщэдджьжьым сыхьэти 9-м щыщIэдзауэ сыхьэти 10-м нэсыху Илъэс 400-м и утым щызэхуэсынущ. Абы къыщежьнурэ демонстрацэр Абхъазым и утым нэсыху къэкIуэнущ. Абхъазым и утым пэкIур къыщыгъэIуащынущ щыхьэт 11-м. ПэкIур зэфIэкIа иужь, махуэшхуэ концерт екIуэкIынущ.

Фыдогъэблагъэ! ● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэ

«СПАРТАК-НАЛIШЫК» - «МОСКВА» (Мэзкуу)

Налшык. «Спартак» стадион. Накъыгъэм и 2.

Сыхьэт 19-мрэ дакьикъэ 30-м.

● Иужьу

«Хэкум и лъэщагъэр къызэгъэпэщыр цIыхуэхэм я зэфIэкIыри, абыхэм я сэхуэлIэныгъэри», - щыжиIащ Путин Владимир къэрал дамыгъэхэр зыхуагъэфэщащэм ятыжьыным теухуауэ Кремлым щекIуэкIа зэIуцIэм.

Президент кьулыкъым пэрыту иджы нужьу абы Урысейм и цIыху щIэныгъэхэр игъэлъапIащ. ПщIэшхуэ зыхуащIахэм ящыщщ Михалков Сергей, Быстрицкая Элинэ, Рошаль Леонид, нэгъуэщIхэри.

ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу къэрал дамыгъэхэмрэ щIэ лъапIэхэмрэ хуагъэфэщащ дэ хэкуэгъу цIэрыIуэу 52-м.

И гум дохьэ

Медведев Дмитрий жиIащ «Аргументы и факты» газетым зэредзэкIэ, Президенту хахар редакцэм кIуэри, абы и лэжьакIуэхэм схъуэхъуащ я нтъэс 30 юбилейкIэ.

«Газетыр щIэрыIуэ щыхъуа зэманыр фIы дыдэу сощIэж, ар «зэхъуэкIыныгъэ» зыфIащауэ щыта пхъухэнэрщ. Абы лъандзэрэ сыдихьэхьэу фи гъэзэщIэныгъэ зоджьыкI», - къыхигъэщащ Медведевым.

ПIалъэр къызэпауд

Урысейм и Правительствэм дежьи щыIэ дзэ-промышленнэ комиссэм игъэхъэзыраи къэралым и объект нэхъыщхьэхэр фIэкIыпIэнущэ трагъапсэ Іэщэхэм зэрыщагъуэмэу щыкIэм и программэ. Ар къыхигъэщащ Иванов Сергей.

Япэ вице-премьерым къызэригъэзэжауэ, ПБО-м и комлексыщIэхэр гъэхъэзырыныр къыщIэгъэкIынымрэ я Іуэхум щыщIэныгъэ куэд хэлъ. Ахэр елъэIащ ахъшэр тэмэму зэрыхуамыутыпщым, Іэнатlэхэм я пъщащагъэр зэрымащIэм, пкъыгъуэхэм фIагъ лъагъэ зэрамыIэм. «Илъэси 3 гъунэгъум зэфIагъэкIын хуеиуэ ятэ заказыр гъэзэщIа

хъуркъым, - пIалъэр къызэпауд», - щызжиIащ Иванов Сергей комиссэм и зэлуцIэм.

Къаугъэ къалтыхъуэ

Куржым и дзэ гупхэр зэпэщIэтыныгъэхэр зэдзыщIэ щIыпIэхэм зэрыщагъэбыдэм къыхэкIыу, Урысейм щыкIэлъыплъ посту иджыри 15 Абхъазымрэ Осетие Инщэмрэ щиIэуващ.

А хъыбарыр къыбгъэдэкIащ УФ-м ЗыхъуэжьныгъэмкIэ и министерствэм.

Урысейм и МИД-м дыгъуасэ хэлуцIыну ящIащ Куржым зэрипэщIа видеосурэтыр щIы зэфэхэщу зэрыщIытыр. Фигу къэдгъэкIыжынщи, мэлыжьыхьым и 20-м Абхъазым щхьэщхьха тIасхэщIах къуэхьпатэр къезэлыдыхар а республикIэм и ПВО-рщ.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 30, *бэрэжьей*

◆УФ-м Мафбсым пэщIэт и къэрал Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ. 1999 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м Урысей Федерацэм и Президентым и Указкlэ ягъэуващ.

◆Илъэс 70 и пэкIэ (1938) Мэзкуу кьыщыгъэуахащ Кьрым лъэмыжьыр.

◆Илъэс 60 и пэкIэ (1948) къызэрагъэпэщащ Америкэм и къэралхэм я Организацэр (ОАГ).

◆Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 48-м, къуэлэжьынуц сыхьэт 21-рэ дакьикъи 6-м.

◆Махуэм и кIыхьагъэ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 18-рэ.

Накъыгъэм и 1, *махуэку*

◆ ГуащIэрэпсэухэм я зэакъылгъэныгъэм и дунеипсо махуэу щагъэуващ 1889 гъэм бадзэуэгъэм и 14 - 21-хэм Париж щекIуэкIа Етlуанэ Интернационалым и конгрессым. Иджы ди къэралым зэрыщедзэр **Гъатхэмра Лэжьыгъэмрэ я махуэущ.**

◆Илъэс 90 и пэкIэ (1918) Мэзкуу и Ходынскэ губгъуэм щекIуэкIащ Дзэ Плъыжьым и частхэм я япэ парадыр.

◆Накъыгъэм и 1 - 2-хэм Мэзкуу, накъыгъэм и 3 - 4-хэм Сочи щекIуэкIыну къафэмкIэ «Урысейм и вагъуэхэр-2008» дунеипсо фестивалыр.

◆Дыгъэр къыщIэкIыну сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 46-м, къуэлэжьынуц сыхьэт 21-рэ дакьикъи 8-м.

◆Махуэм и кIыхьагъэ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 22-рэ.

Планэнэр зыгъэхьэзырыр ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Лъэпкъ Iуэцыгъэ:

Зи псалъэ нахуэм и напэр хужьщ.

● КъБР-м и Правительствэм

Метр къэс - сом мини 10

УнагьашІу, Іэшіагьэлі ныбжьыщІу къуажэм дохэм ящыщ уиз къэзыщхьиуэзм е зыщІыпхуэм 2008 гьэм субсидиеХэмкІэ зыпІагьэкІыжьу папщІэ псэуІэу зы метр зобгъуэнатІэм и уасэр сом мини 10 хьуу республикэм и Правительствэм игъэуІэн.

МЭКЪУМЭЗШ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ министрым и къуэдзэ Хьэпащ Анзор эрыжьІамкІэ, зы метр зобгъуэнатІэм тещІыхьауэ къуажэ уиом и уасэр зрысыхьу УФ-м ЩыналъэмкІэ зегъэужьыпкъмкІэ и министрствэм ику иГу КъБР-м псэуІэм щиуасэу кІащта сом 13850-м и процент 60-80 хуэдизщ.

Къуажэ ЕащІагьэлІхэм дэІэпыкъуныгъэ ахъпсэу иратынущ

КъБР-м и Правительствэм унафэ кІыщтащ къуажэхэмрэ къалэ тепІуэ зиІэ поселкэхэмрэ щыпсэу икІи щылажьэ ЕащІагьэлІхэм коммуналыр Іуэхутхьэзэхэм я лъэныкъокІэ хуагъэув льютхэм и пІэкІэ мазэ къэс ахъпсэ иратыну.

РЕСПУБЛИКМ гъэкъэтэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Амщыкъэ ФатІимэ къызэрыджІамкІэ, мазэ къэс ахъпсэкІэ зыдэІэпыкъунухэм хохьэ узынщагьэр хьэмэным, социальнэ ІэнатІэм, егъэджакІуэм, щэнхабзэм, къэрал ветеринар къудыкъум, физкультурэмрэ спортымрэ я Іуэхущапіэхэм я Іащагьэлізхэр.

Къуажэ ЕащІагьэлІхэм иратыну ахъпсэр республикэ бюджетым къыхэкІынущ. Мы гъэм апхуэдэ дэІэпыкъуныгъэ сом 200 хьуу я гьэзывщ. КъыхэлъытІэу илъэсхэм инфляциэр зыхуэдизым тещІыхьауэ абы хагъахьауэрэ кІэунущ.

Псым щысакъыпхьащ

Щыхуэхэр псым хэмыкІуэдрым и лъэныкъокІэ щыІэ хабзэхэр къыхэзыпхудэкІ дицкІэ республикэм ирах, тІкІиІу щабгъдыкъыщ. Апхуэдэ хэхъоныгъэхэр КъБР-м Адыгэ-тративиз къуанщагьэхэмкІэ и кодексым хэлъхьэным тегухуа законопроектыр КъБР-м и Правительствэм и зІуІуІэм щыдаІыгъащ.

УРЫСЕИ Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и Іуэхухэмрэ къызэрыкІыу щытыкІэхэмкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщІэхэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Шагин Сергей и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, ныгъабэ ирах зэхэту Индэ федеральнэ округым щІыбу 800-м щІигъу, хохьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым - щІыхь 37-рэ псым щитхьэщащ. Апхуэдэу щыт пэтми, федеральнэ законодательствэм хэтхъуэм псым пыщІауэ щІыхьэхэм я гъащІэм щыщІагьэу къытемыгъэхьэныкІэ хабзэхэр кІыхьэпхъыдудзэр административнэ жэуапым зэрыгъашІэрэ мардэхэр. Мы Іуэхум теухуауэ ягъэхьэзыра законопроектыр пхыкІа нэужь, апхуэдэ мыхъумыщІагьэхэр зи эзран щІыхь щхьэхуэхэм сом 200-м къыщыщІэдзауэ сом 500-м нэскІэ, къулыкъущІхэм - сом 1000-м къыщыпІэдзауэ сом 2000-м нэскІэ, юридическэ ІэнатІэхэм - сом 5000-м къыщыщІэдзауэ сом 20000-м нэскІэ етхьэкъунущ. Апхуэдэ мыхъумыщІагьэм папщІэ щетхьэкъуам щыщІэдзауэ зы илъэсым кІрыубдзэу кьытрагьэзэжу а мыхъумыщІагьэр къэзыгъэхьуэм трагьэхьэзэрыгъэ мыхъумыщІагьэм папщІэ фэтэрхэр къыхуагъэуІэн папщІэ щэуІэу зы метруи 18,3-рэ хуэхахщ.

ХьэІЭ Мариз.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэрэ я пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

Къабзэлъабзагъэ щыІэн, уз зэрыщІалэхэр къэмыхьеин папщІэ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэкъ Къабзэлъабзагъэмрэ уз зэрыщІалэхэр къэмыхьеинымкІэ ведомствохэм зэдай комиссэ республикэм и Правительствэм и деж къыщыдзэрагъэщащ.

АБЫІ и кьалэн нэхъыщхьэр уз зэрыщІалэхэр къэмыгъэхьеиным, санитар-эпидемиологие щытыкІэ тэмэм кьыгъэгъэзэщІым хуэунэтІа къэрал политикэр пхыгъэкІынырщ. Комиссэм хагъэхьащ республикэм и министерствэхэм, ведомствэхэм, кІэлъыплъкІэу органхэм я Іэтащхьэхэр. Абы и унафэщІ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іэ и хуэущ Дащэкі Мадинэ.

КОЧКАРОВЭ Ларисэ.

Къущхьэ КІыщыкъуэ и гъуэгуанэхэр

● Фэеплъ

Псэужатэмэ, Къущхьэ КІыщыкъуэ и ныбжьыр накьыгъэм и 1-м ильэс 85-рэ ирикъунущ

сэм хиубыдат КІыщыкъуэ зыхэта топгъэуІэгъуэм и щыхьэтщ взводым и командирым «Хэку заузыхуэ орденым» и етІуанэ нагъыщэри кІыхьэрратар. МыгувэУ лейтенант нэхъыкІэ ящІри, зеитІэ батареем и Іэтащхьэу ягъэуващ.

Ди дзэхэр Мэжкъым и щІыналъэм нэсащ, Берлин хуэжьІуэрэ.

Тхыдэм хыхьащ мы щІыпІэмэ советыдзэхэм хахуагъэ, псэемыблэжь куэдрэ кІыхьэрэщагъэлъэпсгъуар. Си кьуэшыр дапщэщи пэрытхэм яхэт. Абы кьратыгъащ Хэку заузыхуэ орденым и япэ нагъыщэмрэ «За взятие Будапешта» медалымрэ.

КІыщыкъуэ зауэ ІэнатІэм щиІэ ехьуІэныгъэхэм теухуауэ тхыгъэ гуапэ кьытехуат фронтым кьыщыдагъэкІ газетхэм ящыщ зым. А тхыгъэм и фІыщІэкІэ я Хэкум пэІэщІэу, зауэ ІэнатІэ гугъум щызэІущІэгъащ адыгэ щалитІ, нэхьапэхэм зэрыщыхьуу щымытауэ. КІыщыкъуэ кьыхуеблэгъат лейтенант нэхъыжькІэ Щауэ щыкІу Залымджэрий. «Газетхьакъмэ ящІэ, уэзэрыдыгъэр кьыщысщІэм, укъэзгъуэтыну мурад сщІыри, сыкьыпхуэжІащ,- жиІащ Залымджэрий, фІэхьыус зэраха, зэщІэупщІа нэужь. - Си гуапэ хуащ уи Іуэхуэхэр зэрыфІыр. Сэри фи ГъунэгъуІу щызэуэ ІащІ. Краснодар дэт зенитчэ-топчэуэ училищэм мазихкІэ щагъэхьэзэырри, офицер хьуауэ, зауэ гъуэгуанэ кІыхьым щеуваш.

Япэ дыдэу фашистхэм щаІууар Мэздэгу и дежщ. КІыщыкъуэ зи пащэ топгъауэ взводыр псэемыблэжу хэтащ зэхэуэ гуащІэ кІуэщ. Дон Іуфэ Іус Ростов хуэдизуэрэ, гупым хэтхэм кьагъэльэпъ- гъуащ лІыгъэ, жэрдэм, Іэзагъэ зэрахэльыр. Биим и техникэу куэд зэтракъуащ, фашистыІэджэ зэтракІащ, уеблэмэ кхъухьльатэуи тІу кьрадыІхащ. Апхуэдэ хахуагъэм кьыпэІуэу си кьуэшым кьратыгъащ «За оборону Кавказа» медалыр, «Вагъуэ Плышь» орденыр, Хэку заузыхуэ орденым и етІуанэ нагьыщэр, нэгъэщІ дамыгъэ лъапІэхэри.

Дэфтэрэхэр щыхьэт зэрытехьэщІри, Хэку заузыхуэм ди дзэхэм я дежкІэ мыхьэнэ ин щызэІк операцэхэм ящыщІ Ясы-Кишинев щыпІэхэм щекІуэкІагъэ. Абы и курыкупсэм хиубыдат КІыщыкъуэ зыхэта топгъэуІэгъуэм и щыхьэтщ взводым и командирым «Хэку заузыхуэ орденым» и етІуанэ нагъыщэри кІыхьэрратар. МыгувэУ лейтенант нэхъыжькІэ Щауэ щыкІу Залымджэрий. Ди дзэхэр Мэжкъым и щІыналъэм нэсащ, Берлин хуэжьІуэрэ.

Тхыдэм хыхьащ мы щІыпІэмэ советыдзэхэм хахуагъэ, псэемыблэжь куэдрэ кІыхьэрэщагъэлъэпсгъуар. Си кьуэшыр дапщэщи пэрытхэм яхэт. Абы кьратыгъащ Хэку заузыхуэ орденым и япэ нагьыщэмрэ «За взятие Будапешта» медалымрэ.

КІыщыкъуэ зауэ ІэнатІэм щиІэ ехьуІэныгъэхэм теухуауэ тхыгъэ гуапэ кьытехуат фронтым кьыщыдагъэкІ газетхэм ящыщ зым. А тхыгъэм и фІыщІэкІэ я Хэкум пэІэщІэу, зауэ ІэнатІэ гугъум щызэІущІэгъащ адыгэ щалитІ, нэхьапэхэм зэрыщыхьуу щымытауэ. КІыщыкъуэ кьыхуеблэгъат лейтенант нэхъыжькІэ Щауэ щыкІу Залымджэрий. «Газетхьакъмэ ящІэ, уэзэрыдыгъэр кьыщысщІэм, укъэзгъуэтыну мурад сщІыри, сыкьыпхуэжІащ,- жиІащ Залымджэрий, фІэхьыус зэраха, зэщІэупщІа нэужь. - Си гуапэ хуащ уи Іуэхуэхэр зэрыфІыр. Сэри фи ГъунэгъуІу щызэуэ ІащІ. Краснодар дэт зенитчэ-топчэуэ училищэм мазихкІэ щагъэхьэзэырри, офицер хьуауэ, зауэ гъуэгуанэ кІыхьым щеуваш.

Япэ дыдэу фашистхэм щаІууар Мэздэгу и дежщ. КІыщыкъуэ зи пащэ топгъауэ взводыр псэемыблэжу хэтащ зэхэуэ гуащІэ кІуэщ. Дон Іуфэ Іус Ростов хуэдизуэрэ, гупым хэтхэм кьагъэльэпъ- гъуащ лІыгъэ, жэрдэм, Іэзагъэ зэрахэльыр. Биим и техникэу куэд зэтракъуащ, фашистыІэджэ зэтракІащ, уеблэмэ кхъухьльатэуи тІу кьрадыІхащ. Апхуэдэ хахуагъэм кьыпэІуэу си кьуэшым кьратыгъащ «За оборону Кавказа» медалыр, «Вагъуэ Плышь» орденыр, Хэку заузыхуэ орденым и етІуанэ нагьыщэр, нэгъэщІ дамыгъэ лъапІэхэри.

Дэфтэрэхэр щыхьэт зэрытехьэщІри, Хэку заузыхуэм ди дзэхэм я дежкІэ мыхьэнэ ин щызэІк операцэхэм ящыщІ Ясы-Кишинев щыпІэхэм щекІуэкІагъэ. Абы и курыкупсэм хиубыдат КІыщыкъуэ зыхэта топгъэуІэгъуэм и щыхьэтщ взводым и командирым «Хэку заузыхуэ орденым» и етІуанэ нагь

● Абы дегъэпIейтей

Фэеплъхэмрэ еплъхэмрэ

ЛЪЭПКЪЫР уэзэща хъунымэ теухуауэ мыкъонэшхуэ нIэщ абы и Iуэхущлафэ инхэмрэ ахэр зи Iэужь щыхъэпэхэмрэ щэкIлэр щыгъэгъуэзэныж, абыхэмкIэ ягуэхр инуэ, ахэр я гъащIэ гъуэзэу къэгъэхъунымэ.

Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм ехьэлIауэ жыпIэмэ, сэ инуэ си гуапэ хъуащ «Къэнжал зауэ щыIэ» зэфIэкIуэ Къэбэрдейм и текIуэныгъэкIэ нухауэ щытар зэрекIуэкIрэ илъэс 300 зэрырикъум хуэфащэ пщIэ игъуэтын хуейуэ зэрыщытыр, ар къыщыхъуа щыпIэмэ Налшык къали фэеплъ щагъэувыну мурад дахэ зэрыщIар. Тхьэр арэзы къахэхъуу ар зи гукъэкIхэми а Iуэхум телажьхэмми.

Сэ инкъуIэ сигу ирихьащ зауэр щекIуэкIа щыпIэм щагъэувыну я мурад фэеплъым и макетыр. Иджыблагъэ «Адыгэ псалъэм» тетащ абы и суэрэтыр. Ар зыщIар пщIэшхуэ зыхуэсщI ди художник цIэрыIуэ Црым Руслани. И теплъэкIи, мыхьэнэ щIэныкIи, щыIэнэщ щагъэувынум хъума щыхъыным тегъэпсыхьауэ зэрыщытымкIи дгъэуэ дыдэу кыэлсолытэ си щхьэкIу ар.

Абы и вариантэ жыпIэ хъунущ Налшык къалэ щагъэувыну фэеплъым и суэрэтыр «КБП»-м тетар.

Щэхъуэмэ хэмыльу жыс[illegible]энщи, мис а етIуанэ мурадри вариантри сэ сфIэжьабылыкIи. Щыс-фIэмыкIабылир, абы и теплъэр сигу иримыхьауэ е мыхьэнэ щIэлэр сигу ямысцауэ аракъым. Хьэуэ, ари дахэщ, ари хъарзынэщ, ауэ...

Мис а «ауэм» тIэкIу нэхъ убгъуауэ тепсэлыхьын хуейуэ къыэолытэ сэ... Ину сыщыуэми сщIэркъым, ауэ куэдым къыздаIыгъыну къысщохъу му гупсысэр: псори дыз эрыгушхуэу ди кьалащхъэ Налшык и дахагъэм хуэфащэрэ уригушхуэ хъуну зы фэеплъ (памятник) ехьэжьа нобэр къыздэсым щагъэувэу э сщIэркъым. Къэтхьынщ щапхъэ зыгIщ.

«Марие и памятниккIэ» зэдэжь, псальэм папщIэ, Барельеф къызэрыщIыхьэр мыхьэмэ, щIагъэува Iуэхугъэшхуэм епхьэлIэ хъуну а памятникым зыри кIэрыплIагъуэрыкъым. «ТхылъымпIэ шыхьа Iэщ1эльыр-щэ?» жыпIэнути, абыкIэ кьагъэльагъуэну зыхуея Iуэхур Марие Урысейм нысэ яхуэжьынымрэ и пэкIэ зэфIэкIагъэхъэт. (Пэжу, адыгэжьм кьыгъэ-гъэза анекдот мыхьумыщIэ зэхэльхьауэ щыгтащ а тхылъымпIэ шыхьам теухуауэ). Марие «зэрахуэпа» щыкIэр-щэ? Ансамбль кьызэрыгуэкI гуэрым кьыхуаа, а лIэщIагъуэ жыжьым и нагъыщэ гуэри зытемылъ фащэ кьызэрыгуэкI дыдэ зыщыгъ бзылъхугъэ кьызэрыгуэкIыу фIэкIа, ар пщышхуэм ипхуэуи пащтыхьым и щхьэгъусэуи зэрыхузбгъэфэщэн кIэрыплIагъуэркъым. Хуэфимэ и нэг ум ипплъэ, хуэфимэ игъуреягъкIэ кьызэпэплъыхь, утеГущхуэу У рыСей псом я пщым щыхуебгъэщэн дахагъэ абы дэпIагъуну си фIэщ хъуркъым.

Урыс-Кавказ зауэжьым хэжду зда адыгэ хэм папщIэ игъэува фэеплъыр-щэ? Адыгэм ди лъэпкъыпсо Iуэрыщхуэм зэрыбгъэдыхьэ гуэр абы кьыхэбгъуэтэным папщIэ, уи фантазиер ин дыдэу щытын хуейщ. Псом нэхьрэ нэхь гуаузэращи, «ДепIэщIэкIат, дыщыуат» жаIэу а фэеплъыр зэи зыми зэрихъэжьыжьнукъым. Щытынущ, адыгэ щыуагъэхэм я фэеплъэ упщIэ нагъыщIэм ещхьу.

Си ныбжьэгъуфIхэм яхэзбжэ Щрым Руслан и Iэдакъэщ1эжьыу «Абхъаз» площадым итым щхьэкIи нэхьыфI пхужыIэнукъым: гуми дыхьэрхьым, щхьэхэм кьитIасэркъым. Нэхь лъагэу я1этKи зихъуэжьыну си фIэщ хъуркъым а фэеплъ зищысыр жьыгъуейм.

Сэ сызэрегупсысыращ а Iуэхуми, кьалэ псо зыгъэдахэн хуей, республикэ псо зэрыгушхуэн хуей фэеплъыр щыхубзм дежкIэ ребусу щытын хуейкъым. Щагъэувари зыХуэгъуэвари и налъэ дэтхэнэми эхпльагъуэ, эстетик э и льэныкIуэкIэ нэр игъэгубзу, псэр дихьэхыу щытмэщ утыкушхуэхэм щагъэув фэеплъэм щыхубзэр щыдахьэхынур. Мис апхуэдэ памятникхэмкIэ «зызыгъэщIа» кьалэм сыт хуэдэ экспериментри пхудэгъэзэгъэнущ, ауэ, Iуэхушхуэракъэ, Налшык ящыщым апхуэдэ кьалэхэм.

Зыгуэркъэм пыIэ хуабафэ заредгъэплъыну сыхуеиякъым: сэри кьызгуроIуэ а Iэщагъэм хуеджа дэтхэнэ скульпторми езым и Iуэху еплъыкIэ зэрилIэжыр, дэ зыхэдмыщыкI куэдым абыхэм зэрыхащIыкIыр. Ауэ мыри кьэльытапхъэщ: интеллект хэха зи1эжьм итегъэпсыхьа Iэдакъэщ1эжьэм щыху кьыхэзгъуэкIыр къыщигъэ уэбжь куэдрэ кьохъу. Пэжщ, абы бгъэщIэгъуэни уэзэрыгуэзэвэн хуэдизи хэлъхьащ: хьарзынэщ э, художественэ формэщIэхэм зезыпщIыт икIи ахэр мыбзаджэу кьыщэхьулIэ гуэрхэм кьыхуфащэ пщIэ щигъэтыр езым тегъэпсыхьа утыкуэрэ абы хуэхьэзыр щыхуэхэмрэ щигъуэтым дежщ. ... КIэщIу жыпIэмэ, сэ кьызэлыпIэ щыхуэхэр кьэзыгъэуIэбжь фэеплъхэр щыгъэувынымкIэ мы ди кьалэ щыкIум и мыхэзэуэ дытегушхуэIуауэ, скульпторхэмэ щхьэзыфIэфIагъ тIэкIу Iуэхум халъхьэу, хамыщIыкIыфэ эрамыгъэпльымыщхьапIэ, кьулыкъущIэ гуэрхэрэн «хьуэ» жаIэным темыгушхуэу.

Ди жагъуэ эзрыхьунщи, кьэзымылIэжьым нэхъ щыхужаIи кьохъу а кьулыкъущIэ «хьуэр»... СощIэж, блэкIа лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм проект гъэщIэгъэн дыдэ конкурс утыкум кьрилхьауэ щытащ Црым Руслан. Конкурсыр зыгъэухэр Урыс-Кавказ зауэжьым екъэлIа экспонатхэр щагъэльагъуэну щыIэ щIагъым щIэ тынут Урыс-Кавказ зауэжьым екъэлIа экспонатхэр щагъэльагъуэну щыIэ зыгуэркъым, ауэ куэдым кьызэдаIыгъыну кьысщохъу му гупсысэр: псори дыз эрыгушхуэу ди кьалащхъэ Налшык и дахагъэм хуэфащэрэ уригушхуэ хъуну зы фэеплъ (памятник) ехьэжьа нобэр кьызэдсым щагъэувэу э сщIэркъым. Къэтхьынщ щапхъэ зыгIщ.

«Марие и памятниккIэ» зэдэжь, псальэм папщIэ, Барельеф кьызэрыщIыхьэр мыхьэмэ, щIагъэува Iуэхугъэшхуэм епхьэлIэ хъуну а памятникым зыри кIэрыплIагъуэркъым. «ТхылъымпIэ шыхьа Iэщ1эльыр-щэ?» жыпIэнути, абыкIэ кьагъэльагъуэну зыхуея Iуэхур Марие Урысейм нысэ яхуэжьынымрэ и пэкIэ зэфIэкIагъэхъэт. (Пэжу, адыгэжьм кьыгъэ-гъэза анекдот мыхьумыщIэ зэхэльхьауэ щыгтащ а тхылъымпIэ шыхьам теухуауэ). Марие «зэрахуэпа» щыкIэр-щэ? Ансамбль кьызэрыгуэкI гуэрым кьыхуаа, а лIэщIагъуэ жыжьым и нагъыщэ гуэри зытемылъ фащэ кьызэрыгуэкI дыдэ зыщыгъ бзылъхугъэ кьызэрыгуэкIыу фIэкIа, ар пщышхуэм ипхуэуи пащтыхьым и щхьэгъусэуи зэрыхузбгъэфэщэн кIэрыплIагъуэркъым. Хуэфимэ и нэг ум ипплъэ, хуэфимэ игъуреягъкIэ кьызэпэплъыхь, утеГущхуэу У рыСей псом я пщым щыхуебгъэщэн дахагъэ абы дэпIагъуну си фIэщ хъуркъым.

Урыс-Кавказ зауэжьым хэжду зда адыгэ хэм папщIэ игъэува фэеплъыр-щэ? Адыгэм ди лъэпкъыпсо Iуэрыщхуэм зэрыбгъэдыхьэ гуэр абы кьыхэбгъуэтэным папщIэ, уи фантазиер ин дыдэу щытын хуейщ. Псом нэхьрэ нэхь гуаузэращи, «ДепIэщIэкIат, дыщыуат» жаIэу а фэеплъыр зэи зыми зэрихъэжьыжьнукъым. Щытынущ, адыгэ щыуагъэхэм я фэеплъэ упщIэ нагъыщIэм ещхьу.

Си ныбжьэгъуфIхэм яхэзбжэ Щрым Руслан и Iэдакъэщ1эжьыу «Абхъаз» площадым итым щхьэкIи нэхьыфI пхужыIэнукъым: гуми дыхьэрхьым, щхьэхэм кьитIасэркъым. Нэхь лъагэу я1этKи зихъуэжьыну си фIэщ хъуркъым а фэеплъ зищысыр жьыгъуейм.

Сэ сызэрегупсысыращ а Iуэхуми, кьалэ псо зыгъэдахэн хуей, республикэ псо зэрыгушхуэн хуей фэеплъыр щыхубзм дежкIэ ребусу щытын хуейкъым. Щагъэувари зыХуэгъуэвари и налъэ дэтхэнэми эхпльагъуэ, эстетик э и льэныкIуэкIэ нэр игъэгубзу, псэр дихьэхыу щытмэщ утыкушхуэхэм щагъэув фэеплъэм щыхубзэр щыдахьэхынур. Мис апхуэдэ памятникхэмкIэ «зызыгъэщIа» кьалэм сыт хуэдэ экспериментри пхудэгъэзэгъэнущ, ауэ, Iуэхушхуэракъэ, Налшык ящыщым апхуэдэ кьалэхэм.

Зыгуэркъэм пыIэ хуабафэ заредгъэплъыну сыхуеиякъым: сэри кьызгуроIуэ а Iэщагъэм хуеджа дэтхэнэ скульпторми езым и Iуэху еплъыкIэ зэрилIэжыр, дэ зыхэдмыщыкI куэдым абыхэм зэрыхащIыкIыр. Ауэ мыри кьызлытапхъэщ: интеллект хэха зи1эжьм итегъэпсыхьа Iэдакъэщ1эжьэм щыху кьыхэзгъуэкIыр къыщигъэ уэбжь куэдрэ кьохъу. Пэжщ, абы бгъэщIэгъуэни уэзэрыгуэзэвэн хуэдизи хэлъхьащ: хьарзынэщ э, художественэ формэщIэхэм зезыпщIыт икIи ахэр мыбзаджэу кьыщэхьулIэ гуэрхэм кьыхуфащэ пщIэ иг

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Къызыхэкіа лъэпкъым хуэфащэ

●Дифі догъэлъапіэ

Москва кьалэм дэт дунейпсо литературэмкіэ институтым (ИМЛИ) а махуэм щеІуэкІырт иджырей хамэ кьэрал романым теухуа эзэІуцІэ. Щыхьэрым дэт ефкапІэ нэхъыщхьэхэм я лэжьакІуэхэм нэмыщІкІэ, абы кьыщыІэзэуэст Урысейм и гуманитэхэм щыІэ Гуманэ ефкапІэ нэхъыщхьэхэм я лЫыкІуэхэрк. Хамэ кьэрал кьиикІа ефкагъэшхуэу кьрихьэлІахэм я бжьыгъэри мащІэтэкъым.

ИДЖЫРЕЙ дунейм щеІуэкІ кьэхъукъащІэ тКІыбжьэм дауеІуЛэрэ нобрей романыр? Сыт ар нэхъ зыхуэІэижьыр? Сыт зыпэмыльщу кьанэр? Ешы жанрми сыт хуэдэ зэхъуэжьныгъэхэр игъэтэр? Мы романым сыт хуэдэ ешы мытыншхэм жэуап кьыхуаІуэтыну я мурадтІ ИМЛІ-м и зал Іэхуитлъэхутыр нобэ хэщІапІэ зыхуэхъуа ефкагъэшхуэхэм. Абы яхэтт зы адыгэ цІыхубзи.

- Псалъэ нэхт, - жеІэ тхъэмадэм, - Къэбэрдей-Балькъэр университетым щезыгъаджэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, урысей ефкапІэ нэхъыщхьэхэм щылажьэ американистхэм я ассоциацэмкІи Америкэм и гъуазджэр зыдижьэм я зэгухьэныгъэмкІи хэт, Сорос Джордж и цІэкІэ щыІэ саугъэтым и лауреат Щоджэнцыкіу Нинэ.

Цыхубз лъагъуГуафІэжьы щІэту кьэгэджри, псалъапІэм кьохьэ. ИкІи и нэ кьуэлэн дахитымкІэ гуапэу яхэплъэу залым щэхэсхэм Іэдэбу захуеГаазэ:

- ПщІэ зыхуэсщІхэ! Сэ икьукІэ сфІэгъэщІэгъэуну сыщІэдзэнуці мыбдеж нобэ кьыщапсэлъауэ хъуам. Занщэу жысІэнщи, щэч кьытезмыхьэжу кьэсцтэни щыІэщ, арэзы сыкьэзымыщІи кьыхэкІащ. Хуит сыкьэфщІмэ, сфІащхьэм кьыщысІуэтэнут сэрэ Іуэхум сызэрепльыр.

Гъэхуауэ, игурэ и щхьэрэ зэтелъу мэпсалъэ ди хэкуэгъу цІыхубзыр. Пэшым щІэсхэр дихьэхауэ абы йодаІуэ. ИкІи зыри щэупщІэрэм щІотІысхьэ, 1880 гъэм и кандидат диссертацэр (ари зытриух уар Вулв Томас т) пкегъэкІ. 1979 гъэм Нинэ КъБКъУ-м хамэ кьэрал литературэмкІэ и кафедрэм щылажьэу щІедзэ, япэ щыкІэ литературэмкІэ и кафедрэм щылажьэу щІедзэ, япэ щыкІэ ассистентэ, итІанэ доцент ящІ. Лажьэурэ кьыкІэлъыкІуэ и дессертацэри пкегъэкІри (1996 гъэм), ар филологие щІэныгъэм я доктор мэхьу, ильэситі докІри профессор щІэри кьыфащэщ.

Аспирантурэм щышІэса зэманым Щоджэнцыкіу Нинэ Іэмал егъуэт литературэм и щэхуэхэр кьызэрапщытэ Іэмалхэр нэхъри нэхъ кууэ иджыну, щэнэгъэ лі ахьыр зэманэ ху Бахтин М. М., Лотман Ю. М., Затонский Д. В. сымэ, нэгъэущхэми я кьэ хуэтэныгъэ лэжьыгъэхэм дерс кьыхихьри зрегъаеІэ. Ауэ зыми хуэмыдэу Нинэ и гум кьыдыьхэр Засурскэмрэ Эверевымрэ я Іэдакъэщ Іэкі тхыгъэхэ зрт.

Литературэм и тхыдэм кьыхолыдыкі зи Іэужьым зэманри пэмыльэщ тхакІуэ ин дыдэхэм я щІэ жьыгъуэхэр: Шекспир, По, Мелвин, Манн, нэгъу эщІэри. Цю джэнцыкіу къэхутакІуэр нэхъ дэзыьхэхыр апхуэдэ тхакІуэхэм я творчествэрц. Пэжщ, абы- хэм ящыщІ дэтхэнэ зыми траухуауэ щыІэр зы кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ дэтхэнэ зыри щегъэбыдэжк.

Щоджэнцыкіу Нинэ и фІыгъэкІэ ИМЛИ-ми, МГУ-ми, РГУ-ми (Ростов), нэгъуэщІ кьалэхэмэ дэт ефкапІэ нэхъыщхьэхэм ди университетым хамэ кьэрал литературэмкІэ и кафедрэм пщІэшхуэ кьыхуащІ хьуащ. Абы щыхьэт тохъуэ Нинэ и унафэм щІэту яГьэзэщІэ диссертацэ лэжьыгъэхэм, ахэр эи Іэдакъэщ Іэкі аспирант щІалэгъуалэм кьалэпхъуэхэм кьыщыхуащІ гульытэм. Иджыпсту а кафедрэр зыхуэдэми, пщэдей абы кьыпэплъэми дамыгъэ екІу хуэхъуу си гугъэщ Щоджэнцыкіу Нинэ и эфІэкІыр, и лэжьэкІэр, и цІыху щыкІэр.

Нинэ кьалэм кьыщалъхуами, адыгэбзэр щыгъупщэжакъым. Урысыбзэр ІэщІагъэу кьыхихами, и анэдэлъхубзэкІэ зтхэхэми щыгъуэзэщ. Хамэ кьэрал тхакІуэхэм я творчествэм триухуа лэжьыгъэхэм папщІэ Сорос Дж. и саугъэтыр тІэунейр я кьыхуагъэфащэщ, ауэ ди тхакІуэхэми яхужиІэн абы и мащІэкъым.

Щоджэнцыкіу Нинэ кьызыхэкІа лъэпкым зэрыхуэфащэр абы и Іэужьым, и Іэзагъэм, махуэ кьэс иригъаджэ студентхэм ябгъэдилъхьэ щІэныгъэм, яхуиІэ щытыкІэм хьбольагъуэ. Апхуэдэ цІыхуэрэщІ лъэпкъыр лъэпкъ щІэныгъэм, лъэпкъым и кьэкІуэнур эзэльтарр.

КЪЭЖЭР Хьэмид.

Фи пхъурылъхуу Кьантемыр.

Урысейм иІэщ апхуэдэ цІыхубз

Пауэрлифтинг спорт лІэужьыгъуэм и тхыдэм зи цІэ хэзытхэфахэм ящыщщ Тэнэкъуэ Екатеринэ Темыркъан и пхъур. Мыбы теухуа тхыгъэ «Адыгэ псалъэм» 1992 гъэм тетат. Шыбзыхуэ Мухьэдин игъэхъэзырауэ. Ауэ иджыри зэ кьытедгъэзэжьну мурад тщІащ Екатеринэ абы лъандэрэ ехъуІэныгъэ мымащІэхэр зыІэригъэхьати.

ПСОМ ЯПЭРАУЭ, хэт езыр Тэнэкъуэ Екатеринэр? Абы и адэ шыпхъу и къуэ Тохъутэмыщ Мухьэмэд (ар Налшык кьалэм щопсэу) кьиузэрыджИамкІэ, Тэнэкъуэ Темыркъан 1962 гъэм Томск щылэжьэну кІуат. ЩІалэм абдеж унагъуэ щиущащ, зыпхъуи щигъуэтащ, дунейм ехьажьхуКІи а кьэлэращ щыпсэуэр.

Темыркъанрэ абы и щхьэгъусэ Татьянэрэ 1964 гъэм кьахуэхуэ пщащэ щІыкІыр цІэрыІуэ хъуну, зэрыжаІэщи, и натІэм кьриитхат. Ар зэрыкъаруфІэращ спортым хэзышар. И классэгъу щІалэ цІыкІуэхэм ефІэкІыу турникКэ зыкъэзыІэтыкфу, гантелхэр кьиІэту кьыдэкІуэтэт хъыджэбз щыкІур спортым хэгъэхъэн зэрыхуейр и адэ-анэм кьагурІуэри, ядро дзыным щыхуагъаесэ секцэм яхуащ. Арщхьэкіэ, ари мащІэу кьиІытащ. И кьэрум кьиГэгугъэри, штангист цІэрыІуэ, ухуакІуэ училищэм щезыгъаджэ Ситников Дмитрий и гъэсэнхэм яхьихащ. ЖьлпІэ хъунущ, чемпион цІэр кьэщхьІэзэщыгъэм кьиззэрыпІэхуам абы зэуэ гу лЫтащ.

Томск областым кьэщыщдэкІ «Народная трибуна» газетым 1991 гъэм итхыгъащ: «ИлъэС 27-рэ зи ныбжь Тэнэкъуэ Екатеринэ дуней псом щынэхъ лъэщ цІыхубзщ, международнэ классымкІэ спортым и мастерщ, пауэрлифтингымкІэ дунейм и чемпионщ, Европэм и рекордсменкэщ. А псори абы зы ильэсым щыыІэрэ зэхьащІ Урысейм и сборнэм хэту Венгриемрэ Индиемрэ щекІуэкІа зэхьэзэхуэхэм».

Ситников Дмитрий жиІэжт Индием щекІуэкІыну дунейпсо чемпионатым щыкІуэм ещанэ увыпІэр Екатеринэ кьиухьдмэ, абыкІэ арэзы хьуну и гур игъэбыдаУэ зэрыщытар. Арщхьэкіэ Екатеринэ урысей спортсменкэхэр дзэнэ хэна, США-м, Франджым, Германием, Норвегием, Люксембургым, Новэ Зеландием я сборнэхэм хэтхэм ефІэкІыкІ. Килограмм 67,5-рэ фІэкІ мыхъу пщащэм троебэрыем килограмм 490-р кьыщІэтащ.

Кьедбжэкіынти, Тэнэкъуэ Екатеринэ и ехъуІэныгъэхэр:

Урысейм спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер (1992);

Томск областым пауэрлифтингымкІэ и федерацэм и президент, а областым пауэрлифтингымкІэ и щІыхуэху сборнэ командэм и тренер нэхъыжь (1991-1994);

Дунейпсо чемпионатэм я дыжьын медалыр кьиухьауащ (1995, 1996);

Европэм тІэунейр и чемпионкэ (1991, 1992);

Европэм и чемпионатэм я дыжьын медалхэр зыІэригъэхьащ (1993, 1995, 1996);

Европэм и чемпионатым ещанэ увыпІэр, домбэякъ медалыр, кьыщІихь (1997);

Европэм и абсолютнэ чемпионщ (1991);

СССР-м и чемпионкэщ (1991);

СНГ-м и чемпионатым щытокІуэ (1992);

Урысейм и чемпионкэ мэхъу тхуэнейрэ (1991, 1993 - 1996);

Урысейм и чемпионатым дыжьын кьыщІихь (1998);

Урысейм и чемпионкэщ щэнейрэ (1991, 1993, 1994);

Урысейм и Кубокхэр хэнейрэ кьиухащ (1990, 1992 - 1997);

Урысейм и Кубокхэр кьэхьыныжьІэ тхуэнейрэ штангэ кьэІэтыкІэ лІэужьыгъуэ псомкІи ятекІуащ (1990, 1992 - 1996);

ЩІыпІу штангэ кьэІэтыныжьмкІэ Урысейм плІэнейрэ и чемпионкэщ (1992, 1993);

ЩІыпІу штангэ кьэІэтыныжьмкІэ Урысей чемпионатым дыжьын кьыщихьащ (1994). Урысейм, Европэм, дуней псом я рекордсменкэщ. Рекорд 47-рэ Урысейм щигъэуващ.

Тэнэкъуэ Екатеринэ тренеру щолажьэ Томск щыІэ «Эльбрус» клубым. Абы и гъэсэнхэм яхэтщ Урысейм пауэрлифтингымкІэ и чемпионкэр, домбэякъ, дыжьын медалхэр кьэзыкьаІэр.

Спортым и ярыкъэтым хуэдэущ, Екатеринэ кьиухащ Томск дэт къэрал педагогуниверситетыр. Мы зэманым ар абы доценту щолажьэ. Екатеринэ телефонкІэ сыщепсэлъэм и гуапэ хъуащ и лъэпкъэгъуэхэм кьызэрагъэпсэуэр, я ехъулІэныгъэхэм зэрыщыгугъыКІыр.

Мыри жьІэпхъэщ. Москва 2006 гъэм кьэщыщдэкІащ Шейко Б.И. «Звэзды пауэрлифтинга России» зыфІищащ и тхылъыр. Абы итщ Тэнэкъуэ Екатеринэ зэхьэзэхуэхэм щытраха сурэтхэмрэ спортым ехъулІэныгъэ щызыІэригъэхьахэмрэ.

ШИРДИЙ Маринэ.

Утыкушхуэ ирашэ

●Щэнхабзэ

Дунейпсо Артийскэ комитетым Кавказ Ищхьэрэм щІыкІуэцІэм лъэныкъуэ купщІафІэ игъэкІуэкІ. Абы КъБР-ми абы и гъунэгъу республикэхэми щІэх-щІэхуэу кьыщыІэзгъэпсэу гъуазджэм, щэнхабзэм зегъэужьным хэлъхьэныгъэ зегъэужьащ а щІыхуэхэр щагъэлъапІэ пшыхь дахэхэр.

Бейтыгъуэм Іэуес зи унафэщ а къудамэр ящыІэм щІыпІ Абхъаз Республикэм икІи махуищым къриубыл Іуэху щыхьэнхэр щриГъэкІуэкІащ.

ЧАНБЭ САМСОН и цІэр зезыхъэ Абхъаз драмтеатрым щекІуэкІа пшыхьым щагъэлъапІащ Урысей лъэпкъхэм я артиадэм лауреат щыхьуа цІыхуиблыр. Апхуэдэуи «Кавказым и цІыхубз цІыфІ-Іуэхэр» тхылъым зи ІуэхущІафэхэм ятеухуа тхыгъэхэр ихуа бзылъхугъэ 13-р утыку кьрашэуэ яГэлъэлъапІащ. Абхъаз Республикэм и Парламентым, Правительствэм я лЫкІуэхэм пшыхьым псалъэ дахэ куэд щыжаІащ икІи ихьхагъэщащ Дунейпсо Артийскэ комитетым Іуэхугъуэпхуэ зэрилъэкьыр, Кавказым щыпсоу лъэпкъхэм я щэнхабзэ дахэр дуней псом кьегъэщІыхунымкІэ лъэкІ кьызэримыГанэр. ЯГъэлъапІа бзылъхугъэхэм кьабгъэдэкІыу къэпсэлъащ Абхъаз-зым и журналист щыІэуэ, Абхъаз къэрал университетым журналистикэмкІэ и факультетым и декан Бэбия Катеринэ.

ЗэІущІэр игъэдохащ Къэбэрдей-Балькъэрым, Адыгеим, Абхъазым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Шэшэнэм щыщ артистхэр зыхэта концертым. Ди республикэм щыщу утыку кьихьащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Даур Иринэрэ музыкэ театрым и солистка Мэз Джульетэрэ.

- Дунейпсо Артийскэ комитетым и кьудамэу Абхъазым щылажьэм и унафэщІ, Щыхьэбэ творчествэмкІэ республикэ центрым и Іэтащ Хъэрчэ Нурий ди дэІэпыкъуэгъуэ Іуэхутауэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьыщызыдогъэнэщ ди кьэуш республикэм, - жеІэ Бейтыгъуэм Іэуес. - Ди кьалэн нэхъыщхьэхэм яхьидбжэ а республикэм и щэнхабзэм, гуазджэм нэхъыбэ щыгъуэзэ щІыпІэр. БлэкІа ильэсым и кІэхэм абы щедгъэжІыкІа зэІущІэр ияха нэужь, АР-м и Президент Бэгъэщэ Сергей сригъэблагъэри, псалъэ гуапэ кьызэкІащ икІи едгъэкІуэкІ лжьыгъэр зэрафІжьабыІыр, сыт и лъэныкъуэкІи Іэдэпыкъуэгъу кьызэрытхуэхъунур кьыхигъащІ.

Бейтыгъуэм зэрыжиІэмкІэ, Абхъазым щыщыІа махуэхэм щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм папщІэ дерсхэр, семинар-практикумхэр ирагъэкІащ. КьищынэмыщІауэ, «Абхъазым и макъыщІэхэр» зэпеуэ кьызэрагъэпэщри, ныбжьыщІэ 65-м я зэфІэкІ абы щагъэлъэгъуащ. Абы щытекІуахэр хэтынущ вокалист ныбжьыщІэхэм я 6-нэ дунейпсо зэпеуэу накьыгъэм и І-м щеГъэжьауэ я 8 хъуну Гаггрэ щекІуэкІынум. Абы Кавказ псом щыщу щІыхуэ І 150-рэ щыгъэхъэзэхуэнущ, Зэпеуэм кьызэщІеубыдэ эстрадэ, джаз, хип-хоп, академическэ уэрэд жьІэкІэхэр.

- Сэ кьызэрыслъытэмкІэ, апхуэдэ зэпеуэхэм мыхьэнэщхуэ яІэщ Кавказ щыІанэм. Здис щыгъуэм я щІалэгъуалэр зэрыгъэщІыхунымкІэ, зэныбжьэгъунымкІэ, - кьыпещэ Бейтыгъуэным и псалъэм. - КьищынэмыщІауэ, абыхъэм кьыхэжаныкІэхэр ихъэ утыкушхуэхэм идэшІ. Апхуэдэуи ди зэпеуэхэм щытекІуа куэд щІотІысхьэ Москва, Санкт-Петербург, Краснодар кьалэхэм щыІэ ефкапІэхэм.

- Нобэ политикэ щытыкІэ гугъум иГ Абхъаз Республикэм и щэнхабзэм зэрыжьыныкІэ сыт хуэдэ Іэмалхэр яІэ? - жьІтІэу Іэуес дищІащІ.

- Куржы-абхъаз зауэр зэрих льандэрэ илъэс кьэсокІуэ сэ а республикэм. Абы щыгъуэм «Звездный десант Кавказа» зыфІэтща концертым Сокъур Ольгэ, Зеущэ Іуэес, Даур Иринэ сымэ хэту, нэгъэущІ уэрэджы Іаду Іуэхэри ди гъусэу дыкІуэри Абхъазым и районхэм псори кьызэхтІухьауэ щытащ, щІыхуэм я гукъыдэжьр кьэтІэтын мурадкІэ. Абы льандэрэ зы илъэси кьэнакьым а щІыналъэр Урысейм и щэнхабзэ, гъуазджэ, литературэ утыку идмышІэу. Езыхэми апхуэдэ зэхьыбэхэр щрагъэкІуэкІкІэ драгъэблагъэри, ди гуапэу дыхэтщ.

Янэ илъэсхэм еплъытмэ, республикэм зэхъуэжІыныгъэхэр игъэтащ. Янэраущ, щІэблэр гъэсэным, егъэджэным гульытэ хуащІ. Апхуэдэуи зауэ илъэхъэнэм зэтрагъэкІуа уиэнэр, щэнхабзэмкІэ ГъэхуащІапІэхэр зэрагъэпсэщыж. Бзэр, щэнхабзэр, хабзэр зэрахъэмэнным хущІокІу. А псоми щыхьэт тохъуэ абхъазыбзэкІэ газет зыбжанэ кьызэрыщыдэкІыр, абхъаз кьэрал телевиденэм нэмыщІи, абазэ телевиденэ зэрагъэр. Дэ икьукІэ ди гуапэщ кьызэдгъэпсэщ Іуэхуэм аэрэ жьджэру зэрыхэтыр, я бжэхэри дэркІэ зэрызэІухар.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

Республикэм и хьэщІэхэр

Сурэтыр Къарей Элинэ трихащ.

Ди къэралым и щІыналъэ зэхэумыдэхэм къикІыурэ ди республикэм щыху куэд дыдэ зыгъэпсэхуакІуэ къэкІуэ. Ахэр дехьэх ди щІыпІэм и дахагъэм, хьэуа къабзэм. ДызэрыщыгуфІыкІынщи, илъэс кьэс хохьуэ ди республикэм и санаторэхэм зыщыщызгъэпсэхухэм я бжыгъэм.

-НАЛШЫК» санаторэм щы махуэхэм зыщагъэпсэху Орел къалэм щыщ Полшаков зэщхьэгъусэхэу Викторрэ Иринэрэ.

- Зыщыдгъэпсэху санаторэм и гугъу щІыпІмэ, абы и лэжьакІуэхэр цІыхугъэ льагэ зыхэлъ, хьэІэ-щэн Іэпэгъэ зиІэхэщ, - жаІащ зэщхьэгъусэхэм. - Псом хэмэщІ ди цІэ кьитІэнэу дыхэкІ дохутыр Асанова Светланэ. Ар жэуаплІныгъэшхуэ зыхэлъ, зыпэрыт Іуэхур нэгъэсауэ зэфІэзыих, зи Іэшэгъэм ф1ыуэ хэзыщІыкІ Іэпэгъэпэщ. Умэн и хьуреягъ щІыналъэр сытым щыгъуи зэлъыІуэхащ, пэшхэр кьабгъэщ, хуитщ, ерыскьы зэмылІэужьыгъуэмкІэ дагъафІэ.

Викторрэ Иринэрэ республикэм и щІыпІэ дахэхэр зрагъэльэгъуащ. Ахэр щыІащ Шэджэм псыкьелъэхэм, Гуэл щхьэнтІэхэм. Ялъэгъуахэр, я нэгу щІэкІахэр яГэзэрыкьаІ, абыхэм гухэхъуэ ин кьаэзэриратм и щІыхьэтщ кьыкІэлъыкІуэ я зыгъэпсэхугъуэр зэщхьэгъусэхэм ди щІыпІэм щагъэзэрыкьуну мурад зэращІар. «ГукІи псэкІи щыщІэгъэпсэхуащ мы щІыпІэм», - жаІэ зэщхьэгъусэхэм.

щхьэщэмыщІ Изэ.

Накьыгъэ - лъэхъэнэ зэблэхьугъуэ

Мэлыжьыхьым дунейм и щытыкІэр зэнІэзэрыту, нэхъыбэм махуэхэр хуабэу екІуэкІащ. Ялыныкъуэ Іэжьцэр щІыпІэу щытамэ, щІы щхьэфэр щытепщыкІ къэхуакъым. А мазэм щыІэн хуеи хуабагъым градуси 2-3-кІэ щІигъащ. Мэлыжьыхьым и кІэхэм махуэм хуабэр градус 25-27-хэм щынэс къэхуащ. Ар сэбэщщ мэкьумэш къэкІыжьхэхэм нэхъ псынщІэу зажьыныжьмкІэ.

ХУАБЭМРЭ нэхущэ кьебэжкІ хъурп, дыкьэзыхуэрейхэ дунейми зихъужащ. И эзаныр кьэмысу кьэгъэгащ мэжджытжыгыр, кьэлэрдэгурп и мэ гуакІуэмкІэ кьыхтхуопсэу. Дунейм и пльыфхэм гъэмахуэ кьыгъэрыбблагъэр кьэжьІугъэ. Ауэ ятмэ яп Іыхьэр ди республикэм лъэхъэнэ зэблэхьугъуэу кьыщалъытэ. НэгъэущІу жьпІэмэ, гъэмахуэри зэтемыцывэпаэу, гъатхэми емыцыкІыжу, щІыбжьри хуабэри зэпыту. Хуабэр градуси 5-7 фІэкІа щынэмыси, абы фІыуэ щыфІэжІи кьэхъуэрэ екІуэкІынущ. Нэгъабэ накьыгъэм и 24-м щыщІэдзауэ мазэр иухыху хуабэр градус 30-м нэблагъэу щытащ.

ЦЫІущ дунейм и щытыкІэм егъэленыгъэ гуэрхэри щигъуэт. Апхуэдэу 1952 гъэм накьыгъэм и 9-м уэс кьесауэ, щыІэр градус 1,4-м нэсауэ щытащ.

Накьыгъэр ильэсым и мазэ нэхъ уэлбанэрилэщ: зы метр зэбгъуэзнатІэм хуэзэу пэгунипщІ хэшэнкьр тэмэщ. Накьыгъэм кьещхъ уэшхэм щІым зыхуеину псыІагъэр игъэтынымкІэ мыхьэнэшхуэ яІэщ.

Мы гъэм накьыгъэр кьызэрыгуэкІыу, щыІэну хуабагъэкІэ нэгъабэрейм ещхьу щІыпІэ хуагъэфащэ.

Накьыгъэм и яп махуитхум дунейм и щытыкІэр гъатхэм нэхъ ещхьу щытынущ: жэщым хуабэр градуси 5-10-м, махуэм 18-23-м нэблагъэу екІуэкІынущ. АдэкІэ губгъуэ щІыпІэхэм щыщІэдзауэ бгыльхэм нэсу гъэмахуэм хуэм-хуэмурэ угыкъур иубыду щІидзэнущ. ЖэщкІэ хуабэу градусиІ 10-15 махуэм 20-25-м, ящыныкъуэхэм джеж махуэм я етІуанэ Іыхьэм ар градус 30-32-м щынэблагъи кьыхэхуэнущ. Уафэгъэгъуэ уэлбанэ куэдрэ щыІэнущ, жьым и псынщІагъэр апхуэдэхэм джеж метри 10-15-м щытащ.

ОРЛОВЭ Валентинэ,
агрометеоролог.

Нэщэнхабзэ

●Дунейм и щытыкІэнур

Ди газетым и кьыкІэлъыкІуэ номерыр кьыщыдэкІынур накьыгъэм и 6-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жьэкіымыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Жьлаэс Маритэ, Льостэн Музэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькьарэ Алик, Шал Мухьэмэд.

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Ленинымрэ и щэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КъУДАМЭХЭ: политикэмкІэ, жьлагъуэмрэ льэныкъ ІуэхуэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Іуэхущ Іапі Іэхэм я дэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; ерэджэныгъэмрэ щэнхабзэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі Іэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуу зэныту щытыкІым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэмкІэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щынымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №1Н-0065-м щІэту ягъащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхэ и полиграфомбинат, Налшык къ., Ленинымрэ и щэкІэ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

*Мы кьыдэжІыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Къаншокъуэ Эльэ, редактор Шырдий Маринэ, корректорхэр Щоджэн Инэ (1,2,3-нэ нап.), Табыш Динарэ (4,5,6-нэ нап.) , корректорэ я и ешІэжьыгъуэ Иуан Замрэ. КомпьютеркІэ газетым и тепльэр яІэщІ: Ныр Саидэ, Щакіуэ Мадинэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, сурэтыщІ Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуэщІ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзэр сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 10.000● Заказ №1488